

La Bib pou ti moun
prézanté

Jezi ak
Zache



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.





Yon jou, Jezi t
ap pase Jeriko.
Sa genyen lotan
depi Jozye te
detwi vil sa a.
Kounye a, yo te
rebatil epi te
gen yon gwo
kantite moun ki
t ap viv ladan li.
Pami yo te gen
yon nonm ki te
rele Zache.







Li pwobab pou moun Jeriko yo pa te renmen Zache paske li te konn kolekte taks yo. Zache te voye yon pati nan lajan an bay gouvènman an — men li te kenbe yon pati pou tèt li.




Travay sa a te fè Zache vin rich anpil. Kay li a dwe
te PI GWO ak PI BÈL sou katye a.



Men, li te piti (kout)
anpil tou — pa piti
nan lajan, men nan
wotè. Zache pa te
grandi menm jan ak
lòt moun yo.






Lè Zache te tande Jezi te Jeriko, ti pèseptè taks la te vle wè Nonm Nazarèt la ki te pretann li se Pitit Bondye a. Men, fowl la te gwo... moun yo te wo.





Zache te genyen yon lide !
Si li te kapab vin pi wo
pase fowl la... monte sou
yon pyebwa ki bay sou
wout la, lè sa a li ta
ka wè Jezi.





Zache te monte sou yon pye sikomò, li te jwenn yon fouch konfòtab nan branch yo, epi li te chita la l ap tann Jezi. "Mwen te nan yon bon pozisyon," li dwe te panse. "Mwen ap wè li san moun pa wè m."



"Zache, prese desann."
Ti pèseptè taks la pa te
kapab kwè sa li te
tande a. Jezi te kanpe
anba pyebwa a. Jezi t
ap gade li. Jezi te
rele ! !





Si Zache te sezi lè li
te tande Jezi rele l,
li dwe te pi sezi
toujou lè Jezi di l :
"Jodi a fòk mwen
rete lakay ou."
Zache te desann
tèlman vit li te
manke tonbe.



Zache te kontan anpil lè l tande Jezi t
apral vizite lakay li. Men, pèp la pa te
renmen sa. Yo te panse Jezi pa ta dwe
al vizite yon pechè tankou Zache.






Jezi te pote yon nouvo lavi pou Zache. Zache te di li : "Senyè, mwen ap bay pòv yo mwatye nan byen mwen yo. Epi si mwen te twonpe yon moun, mwen ap remèt li kat fwa plis."



Jezi te renmen
nouvo lavi Zache a.
Li te renmen wè lè
moun yo vire do bay
peche epi fè sa ki
dwat. Jezi te di :
"Pitit Lòm nan te
vini chèche epi
sove sila ki te
pèdi." Jou sa a,
nan Jeriko, Jezi
te jwenn Zache !



Jezi ak Zache

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Lik 19

"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130



Fen



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

